

DEKRÈ EGZEKITIF

**Kontinyite Sispannyon ak Modifikasyon Tanporè Lwa yo  
Ki gen rapò ak ijans nan sitiyaasyon katastwòf la**

**LÈ NOU KONSIDERE**, nan dat 7 mas 2020 an, mwen te pibliye Dekrè Egzekitif Nimewo 202 a (Executive Order Number 202) pou deklare yon ijans nan sitiyaasyon katastwòf nan Eta a pou tout Eta New York la; ak

**LÈ NOU KONSIDERE**, yo te dokimante alafwa ka transmisyon COVID-19 ki gen pou wè avèk vwayaj ak ka transmisyon COVID-19 akòz kontak nan kominote a nan Eta New York epi yo prevwa sa pral kontinye toujou;

**KOUNYE A, AN KONSEKANS**, Mwen, Andrew M. Cuomo, Gouvènè Eta New York, konfòmman a otorite ke lalwa bay mwen selon Seksyon 29-a nan Atik 2-B nan Lwa Egzekitif la (Executive Law) pou sispann oswa modifiye pwovizwaman nenpòt lwa jeneral, lwa lokal, òdonans, dekrè, règ, oswa règleman, oswa pati ladan yo, pou nenpòt ajans pandan yon ijans nan Eta a pandan yon ijans nan Eta a poutèt katastwòf, si respè lwa jeneral, lwa lokal, òdonans, dekrè, règ, oswa règleman sa yo ta anpeche, jennen, oswa retade mezi ki nesèsè pou fè fas a ijans katastwòf la, oswa si sa nesèsè pou bay asistans oswa èd pou fè fas a katastwòf sa a, avèk dokiman sa a, ap sispann oswa modifiye pwovizwaman, pou peryòd soti ant dat Dekrè Egzekitif sa a jiska dat 18 me 2020, sa nou pral site la yo:

- Seksyon 13 nan Lwa sou Relasyon nan Fanmi an (Domestic Relations Law), nan limit ki nesèsè pou pèmèt moun yo te bay lisans maryaj men k'ap ekspire nan yon peryòd kote rezidan Eta New York yo dwe kenbe distans youn ak lòt, pou anile 60 jou yo mande pou jwenn yon lisans maryaj pandan peryòd kote gen yon sitiyaasyon ijans deklare ki egziste nan Eta New York; ak
- Seksyon 15 nan Lwa sou Relasyon nan fanmi an, nan limit ki nesèsè pou pèmèt moun ki pa te ka marye nan delè yo te bay nan lisans maryaj la, anile frè ki nesèsè pou jwenn yon dezyèm lisans maryaj, si sa nesèsè, k'ap reflekte lisans maryaj orijinal la ke yo te jwenn pandan peryòd sitiyaasyon ijans deklare ki te egziste nan Eta New York la.

**AN PLIS DE SA**, konfòmman a otorite ke lalwa bay mwen selon Seksyon 29-a nan Atik 2-B nan Lwa Egzekitif la pou pibliye nenpòt enstwiksyon pandan yon ijans nan sitiyaasyon katastwòf ki nesèsè pou fè fas ak katastwòf la, mwen, avèk dokiman sa a, ap pase enstwiksyon nou pral site la yo pou peryòd soti ant dat Dekrè Egzekitif sa a jiska dat 18 me 2020:

- Kèlkeswa emisyon yon aplikasyon lisans maryaj, lisans maryaj, oswa temwanyaj oswa selebrasyon seremoni maryaj, ki egzije anba lwa Eta New York ki otorize pou fèt nan itilize teknoloji odyo-vidyo depi kondisyon sa yo respektè: Koup la k'ap chèche sèvis maryaj yo, dwe prezante foto ID (idantite) ki valab pou verifye idantite nenpòt lè lalwa egzije pandan konferans videyo a, pa senpleman transmèt li anvan oswa apre; konferans videyo a dwe pèmèt entèraksyon dirèk ant koup la ak grefye bouk oswa vil la, temwen an oswa moun nan k'ap selebre maryaj la (eg, pa gen videyo pre-anrejistre moun ki siyen oswa angaje nan seremoni maryaj la); koup la dwe afimativman reprezante ke misye oubyen madanm nan lokalize yo fizikman nan jiridiksyon kote yo pèmèt maryaj la fèt legalman, nan Eta New York; koup la dwe transmèt atravè faks oswa elektwonik yon kopi lizib dokiman siyen an dirèkteman bay grefye bouk oswa vil la, temwen yo oswa moun ki selebre maryaj la nan menm dat li te siyen an; grefye bouk oswa vil la, temwen oswa moun ki selebre maryaj la ka siyen kopi dokiman yo transmèt la epi transmèt li menm jan bay moun ki responsab dokiman an devan lalwa; nan limit ki posib, tout pati yo pral deplwaye pi gwo efò yo kapab pou asire ke dokiman an transmèt nan fason ki pi konfidansyèl epi yo pa pral lage enfòmasyon yo bay nenpòt twazyèm pati ki pa asosye ak lisans maryaj la ak seremoni maryaj la; epi kopi elektwonik aplikasyon lisans maryaj la oswa lisans maryaj yo siyen an pral vin dokiman ofisyèl pou rezon ki gen pou wè ak Lwa sou Relasyon nan Fanmi an. Grefye nan bouk ak nan vil lokal yo ka bay konsèy ki gen rapò ak ki jan yo pral aplike aplikasyon pou lisans maryaj ak emisyon nan jiridiksyon pa yo.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil

Albany nan dizuityèm jou mwa avril

nan ane de mil ven.

SOU LÒD GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a